

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

5YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SOCIAL STUDIES—GRADE 5
OBJECTIVE & CONSTRUCTED RESPONSE
BOOKLET 1

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

19 NOVANM 2003

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan ti liv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv a.

Premye Pati a gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye Liv la.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L

Copyright 2003
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Premye Pati

ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons pou chwazi pami yo; repons yo make depi (A) pou rive (D). Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li **egzanp** ki la a:

Egzanp

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) New York City
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.


Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Premye Pati nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Ou gen dwa pa ka reponn kèk kesyon, men, fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 an sou pòtre ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *Communities*, Harcourt Brace Jovanovich

- 1 Ki kalite kominote yo montre nan pòtre sa a?
(A) riral (C) metwopoliten
(B) banlye (D) iben

- 2 Yon moun nan fanmi w ki mouri depi lontan rele
(A) yon sitwayen (C) yon zansèt
(B) yon majistra kominal (D) yon moun majè
- 3 Sa nomad yo plis gen tandans fè, se
(A) fonde koloni pèmanan
(B) deplase soti yon kote pou ale nan yon lòt
(C) etabli yon kominote kiltivatè
(D) bati lekòl

4 Yon kote bato anbake ak debake machandiz rele yon

(A) estasyon

(C) detwa

(B) gòj

(D) waf

5 Ki karakteristik jeyografik ou ta pi fasil jwenn nan zòn Atik la?

(A) patiraj

(C) tè ki fètil

(B) tondra

(D) forè twopikal

6 Lè yon moun achte yon machandiz, li vin yon

(A) pwodiktè

(C) founisè

(B) espòtatè

(D) kliyan

7 Kilès nan pwodwi sa yo ki se yon resous natirèl?

(A) konsè

(C) dlo

(B) pen

(D) pidza

8 Kilès nan atik sa yo ki te envante **anvan** lòt yo?

(A) radyo

(C) avyon

(B) motè a vapè

(D) televizyon

9 Kilès nan pwosede sa yo ki sèvi ak yon liy asanblaj pou fè yon gwo kantite machandiz?

(A) pwodiksyon an mas

(C) investisman

(B) travay nan min

(D) irigasyon

10 Apre yon konpayi fin peye anlwaye li epi bòdwo li yo, lajan ki rete pou konpayi an rele

(A) enterè


(C) taks

(B) dèt

(D) benefis

- 11 Kisa premye kolon ki te vini ann Amerik yo te fè pou satisfè kèk nan bezwen de baz yo te genyen?
- (A) Yo te chache min lò ak min lajan.
 - (B) Yo te plante tabak.
 - (C) Yo te plante mayi epi yo te fè lachas.
 - (D) Yo te ouvri lekòl.
- 12 Anpil fwa yo konn rele moun ki chèf nan yon vil oswa nan yo vilaj la yon
- (A) gouvènè
 - (B) majistra kominal
 - (C) prezidan
 - (D) jij
- 13 Yon sinonim pou mo *jistis* la, se
- (A) ekite
 - (B) konpetisyon
 - (C) sekirite
 - (D) gouvènman
- 14 Lè moun kite peyi kote yo rete a, pou vin rete Etazini pou tout tan, sa rele
- (A) imigrasyon
 - (B) revolisyon
 - (C) endistriyalizasyon
 - (D) natiralizasyon
- 15 Ki premye gwoup Ewopeyen ki te fonde koloni nan zòn New York City ak Hudson Valley nan Eta New York la?
- (A) Olandè
 - (B) Angle
 - (C) Ilandè
 - (D) Franse

Baze repons ou pou kesyon 16 ak 17 sou chema kwonolojik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *New York Adventures in Time and Place*, Macmillan/McGraw-Hill (adapte)


16 Ki moun ki te koumanse komès fouri ak Ameriken Natifnatal yo an 1603?

- (A) Verrazano
- (B) Champlain
- (C) Cartier
- (D) Hudson

17 Ki pi bon tit ou ta kapab bay chema kwonolojik sa a?

- (A) Istwa Rivyè Idsonn (*Hudson River*)
- (B) Esploratè ewopeyen nan Amerik di Nò
- (C) Jeyografi Amerik di Nò
- (D) Navigasyon nan Amerik di Nò

Baze repons ou pou kesyon 18 sou òganizatè grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



18 Ki gwoup Endyen ki genyen senk tribi yo montre nan òganizatè grafik sa a?

- (A) Algonquian
 - (B) Syou
 - (C) Chewoki
 - (D) Haudenosaunee (Iwokwa)
-

Baze repons ou pou kesyon 19 la sou sitasyon pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Lè yo te fin fè Moniman Konkòd la nan Massachusetts, yo te chante yon powèm ki rele «Ochan pou Konkòd» (*Concord Hymn*) Ralph Waldo Emerson te ekri. Men kouman powèm lan kòmanse:

*Tou pre gwo pon ki travèse dlo a,
Pandan drapo yo deplwaye nan ti van mwa avril la,
Yon jou kiltivatè yo te kanpe pou goumen,
Epi yo tire kout fizi tout moun sou latè tande a . . .*

19 Ki evennman yo tap komemore nan seremoni sa a?

- (A) kòmansman lagè ant Franse ak Endyen Amerik yo
 - (B) kòmansman Gè Revolisyonè a
 - (C) lè yo te ekri Deklarasyon Endepandans lan
 - (D) ratifikasyon Konstitisyon Etazini an
-

- 20** Ki dokiman kolon yo te ekri an 1776 pou di Angletè yo te vle pran endepandans yo?
- (A) Atik Konfederasyon yo
 - (B) Deklarasyon Dwa Moun lan
 - (C) Deklarasyon Endepandans lan
 - (D) Konstitisyon Etazini an
- 21** Tou pre ki kominote, nan Eta New York, batay yo konn rele moman desizif nan Gè Revolisyonè a te rive?
- (A) Buffalo
 - (B) Syracuse
 - (C) Rochester
 - (D) Saratoga
- 22** Anvan Konstitisyon Etazini an te kapab pran fòs lalwa, yo te genyen pou yo ratifye l. Kilès nan mo sa yo ki vle di menm bagay ak *ratifye*?
- (A) chanje
 - (B) apwouve
 - (C) refize
 - (D) ekri
- 23** Apre yo te ouvri Kannal Erie a, pri sa te koute pou voye machandiz travèse Eta New York te soti nan 100 \$ pa tòn pou tonbe a 6 \$ pa tòn. Kilès nan konsekans sa yo, pri ki bese yo te lakòz?
- (A) Byen vit, kannal la tounen wout ki te pi popilè pou voye machandiz.
 - (B) Gen lòt Eta ki te pran biznis nan men Eta New York.
 - (C) Kiltivatè yo deside kontinye voye machandiz yo sou cheval ak nan wagon.
 - (D) Sa te dekouraje moun vwayaje nan direksyon wès.


Baze repons ou pou kesyon 24 sou pòtre so Eta New York ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



(adapte)

- 24** Kisa de fanm ki nan pòtre so Eta New York la reprezante?
- (A) kè kontan ak byennèt (C) libète ak jistis
(B) fòs ak pisans militè (D) kouraj ak entelijans
-
- 25** Nan Eta New York, tout sitwayen ki majè gen yon responsabilite sivik pou yo
- (A) vote sou lwa nan Eta a
(B) kandida nan eleksyon
(C) vote nan eleksyon
(D) bay lajan nan kanpay politik
- 26** Konstitisyon Etazini an pwoteje dwa chak moun nan dis premye amannman yo. Amanman sa yo rele
- (A) Mayflower Konpak (C) Deklarasyon Endepandans
(B) Deklarasyon Dwa Moun (D) Lwa sou Tenm
- 27** Gen yon pati nan Kongrè Etazini a ki rele
- (A) kabinè (C) branch egzekitif
(B) Sena (D) Kou Siprèm

Baze repons ou pou kesyon 28 sou pòtre Estati Libète ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.




Sous: Edward Moran,
Mize Vil New York (adapte)

28 Kisa Estati Libète a reprezante?

- (A) yon deklarasyon endepandans
 - (B) yon chante pou fè lwanj oswa pou dedye yon bagay
 - (C) yon senbòl libète pou moun kap vini Etazini
 - (D) enpòtans lalwa nan Etazini
-


Baze repons ou pou kesyon 31 an sou de kat ki pi ba la yo, epi sou koneksans ou nan syans sosyal.

Kannal Eta New York, 1850



Sous: E. Farran ak R. Wattman, *New York and the Nation*, AMSCO (adapte)

Ray pou Tren nan Eta New York, 1870




Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, McGraw-Hill (adapte)

31 Lè ou konpare de (2) kat sa yo, kisa ou kapab di ki te rive nan Eta New York vè ane 1870?

- (A) Yo te bati ray tren ki te konekte plis kote pase kannal yo.
- (B) Pifò nan Eta New York la te tounen tè pou agrikilti.
- (C) Sistèm kannal la te devlope epi li te konekte tout kote nan Eta a.
- (D) Vil New York te tounen kapital Eta a.

Baze repons ou pou kesyon 32 ak 33 sou kat ki pi ba la a, epi sou kone-sans ou nan syans sosyal.

Eta New York: Latitid ak lonjitid




Sous: James A. Banks et al., *New York: Adventures in Time and Place*, McGraw-Hill (adapte)

- 32** Ki vil ki pi pre 43° N, 76° W?
 (A) Buffalo (C) Binghamton
 (B) Syracuse (D) Watertown
- 33** Si yo te montre Rivyè Idsonn (*Hudson River*) sou kat sa a, pi pre ki degre lonjitid li ta ye?
 (A) 79° W (C) 74° W
 (B) 76° W (D) 73° W

Baze repons ou pou kesyon 34 ak 35 sou grafik an gato ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Orijin nasyonal moun
New York, 1990



Sous: James Killoran et al.,
New York: Its Land and Its People,
Jarrett Publishing Co. (adapte)

34 Dapre grafik sa a, kilès nan twa gwoup oriin nasyonal sa yo ki te gen

menm pousantaj moun nan Eta New York la, an 1990?

- (A) Afriken, Angle, ak Alman
- (B) Angle, Alman, ak Ilandè
- (C) Ilandè, Italyen, ak Afriken
- (D) Alman, Ilandè, ak Italyen

35 Dapre grafik sa a, nan ki kontinan pifò moun ki te rete New York an 1990 yo te kapab wè zansèt yo te soti?

- (A) Afrik
- (B) Azi
- (C) Ewòp
- (D) Amerik di Sid

Dezyèm Pati

Esplikasyon: Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas yo ba ou nan ti liv egzamen sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 pou rive 3 sou enfòmasyon ki nan tablo pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Konparezon ant kan ki te nan Gè Revolisyonè a

	Fòs yo	Feblyès yo
Koloni ameriken yo	<ul style="list-style-type: none"> • sòlda ki abitye ak zòn riral yo • sòlda ki abitye goumen sou fwontyè • moun kap goumen pou libète yo • moun Lafrans ap ede 	<ul style="list-style-type: none"> • ti lame ki manke antrennman • chèf militè ki manke esperyans • pa gen fòs naval • manke izin ki pou fè founiti • manke lajan pou fè lagè
Angletè	<ul style="list-style-type: none"> • gwo lame ki gen bon antrennman • chèf militè ki gen esperyans • gwo fòs naval • anpil izin ki pou fè founiti • ase lajan pou fè lagè 	<ul style="list-style-type: none"> • sòlda ki pa abitye ak zòn riral yo • sòlda ki pa abitye goumen sou fwontyè • anpil reta pou resevwa founiti ak lòd ki soti Angletè • anpil moun nan gouvènman angle a kont lagè

Sous: New York: Our State and Its Communities, Scott, Foresman and Company (adapte)

1 Ki peyi ki te ede koloni ameriken yo pandan Gè Revolisyonè a? [1]

_____ Nòt

2 Sèvi ak tablo sa a pou idantifye **de** (2) fraz ki dekri kondisyon lame koloni ameriken yo. [1,1]

a _____ Nòt

b _____ Nòt

3 Angletè pèdi lagè a menm si li te genyen yon gwo fòs naval ak yon lame ki byen antrene. Sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo a pou bay *de* (2) rezon ki te fè Angletè pèdi Gè Revolisyonè a. [1,1]

a _____

Nòt

b _____

Nòt

KONTINYE NAN PAJ APRE A ➡

Baze repons ou pou kesyon 4 pou rive 9 sou lis ki pi ba la a, ki montre sa ki te pase ak sa moun te kwè, epi sou konesans ou nan syans sosyal. Tablo a montre diferans ant Ameriken Natifnatal yo ak premye kolon ewopeyen yo. Chak enfòmasyon sou sa ki te pase, oswa sou sa moun te kwè yo, dekri **oubyen** Ameriken Natifnatal yo, **oubyen** premye kolon ewopeyen yo.


4–9 Mete lèt ki koresponn ak enfòmasyon sou **chak** bagay ki te pase, oswa **chak** bagay moun te kwè yo nan pozisyon kòrèk li nan tablo a. Pa egzanp, «**A** – Tè se yon fòtin» se youn nan bagay premye kolon ewopeyen yo te kwè nan kilti yo, sou tè. Kididonk, se lèt **A** a ki ekri nan liy 7 la (gade pi ba la a). Kounye a, fin ekri rès enfòmasyon yo nan tablo a. Ou kapab chwazi chak lèt yon sèl fwa. [5]

Enfòmasyon sou sa ki te pase, ak sou sa moun te kwè

- A** — Tè se yon fòtin
- B** — Te sèvi ak zouti an metal tankou si ak chari
- C** — Te sèvi ak zouti ki fèt an wòch ak an bwa
- D** — Forè ak preri nan tout Amerik di Nò
- E** — Koloni sou tout kòt Atlantik la
- F** — Pèsonn pa gen dwa mèt tè; se pou tout moun tè a ye

Gwoup	Sa moun te kwè nan kilti a sou kesyon tè	Zouti	Pozisyon jeyografik
Ameriken Natifnatal yo	4 _____	5 _____	6 _____
Premye kolon ewopeyen yo	7 <u>A</u> _____	8 _____	9 _____
			Nòt <input style="width: 50px; height: 20px;" type="text"/>

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 sou kat la ak sou enfòmasyon ki pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.




10 Kisa ki fè konnen sa senbòl yo vle di nan yon kat? [1]

_____ Nòt

11 Nan ki kare nan gri a ou jwenn San Carlos? [1]

_____ Nòt

Baze repons ou pou kesyon 12 ak 13 sou kat mondyal ak sou enfòmasyon ki pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



12 Ki kontinan ki ant Oseyan Atlantik ak Oseyan Endyen? [1]

_____ Nòt

13 Ki kontinan ki gen lèt X la sou li, nan kat la? [1]

_____ Nòt

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

Maximum Total is 14 Points